



50 Bagay Pou Verifye Anvan Ou Achte Yon Kay Ozetazini

Prezante pa
MIGUELITO JEROME

Entwodiksyon

Achte yon kay Ozetazini se youn nan pi gwo desizyon finansye yon fanmi ka pran. Kay la ka vin yon sous estabilite, richès, ak eritaj, men li ka vin yon gwo chay tou si ou antre san verifye detay yo. Gid sa a ba ou 50 bagay enpòtan pou tcheke avan ou siyen, avan ou fèmen tranzaksyon an, epi avan ou mete fanmi w nan kay la.

1. Verifye bidjè reyèl ou

Pa gade sèlman pri kay la. Kalkile mortgage, taks, asirans, HOA, dlo, limyè, reparasyon, gaz, entènèt, ak depans ijans. Yon kay ki sanble bon mache ka vin chè chak mwa.

2. Tcheke credit score ou

Credit score ou enfluyans enterè prè a. Menm yon ti diferans nan interest rate ka fè ou peye plizyè milye dola anplis pandan ane yo.

3. Konnen kantite lajan ou ka mete kòm down payment

Down payment la ede detèmine kalite prè ou ka jwenn, peman chak mwa, ak si w ap bezwen peye mortgage insurance. Pa vide tout ekonomi w nan down payment la si ou pa gen lajan ijans.

4. Kenbe lajan pou closing costs

Closing costs ka gen frè lender, frè title, appraisal, inspection, tax proration, ak lòt depans. Mande yon estimasyon ekri avan ou avanse twò lwen.

5. Jwenn pre-approval avan ou chèche kay seryezman

Pre-approval ede w konnen limit ou epi li montre vandè a ou pare. Men pa pran pre-approval kòm pèmisyon pou achte kay ki pi chè pase lavi w ka sipòte.

6. Konpare plizyè lender

Pa pran premye òf prè a san konpare. Gade interest rate, APR, frè, kondisyon, ak kalite sèvis. Yon bon lender dwe eksplike w san prese.

7. Konprann kalite prè a

FHA, conventional, VA, USDA, ak lòt prè pa gen menm règ. Chak gen avantaj ak limit. Mande ki kalite prè ki pi bon pou sitiyasyon w.

8. Mande si peman an ka chanje

Si prè a gen adjustable rate, peman an ka monte apre kèk ane. Menm ak fixed rate, taks ak asirans ka ogmante, sa ka fè escrow ou monte.

9. Pa achte gwo bagay pandan w ap tann closing

Pa achte machin, mèb chè, oswa ouvri nouvo kat kredi pandan pwosesis la. Sa ka chanje dèt ou epi mete approval prè a an danje.

10. Chwazi realtor ki gen eksperyans

Yon bon agent ede w negosye, li dokiman, respekte dat limit, epi wè pwoblèm ou pa t ap wè. Pa chwazi sèlman paske moun nan se zanmi w.

11. Li listing la ak anpil atansyon

Gade kantite chanm, twalèt, square footage, lot size, ane kay la bati, kalite chofaj, kalite dlo, ak tout sa ki enkli. Pa sipoze anyen.

12. Vizite kay la plis pase yon fwa

Yon sèl vizit ka twò rapid. Eseye wè kay la lajounen, aswè, oswa lè trafik la diferan. Sa ede w konprann bri, limyè, pakin, ak mouvman katye a.

13. Gade katye a, pa sèlman kay la

Kay la ka bèl, men katye a enpòtan anpil. Gade sekirite, bri, trafik, lekòl, magazen, lopital, travay, ak aksè ak gran wout.

14. Tcheke distans travay ak wout chak jou

Yon kay ki pi bon mache men ki fè w kondwi anpil ka koute plis nan gaz, tan, estrès, ak antretyen machin.

15. Verifye lekòl yo si ou gen timoun

Menm si ou pa gen timoun, bon lekòl ka enfluyans valè kay la. Tcheke zòn lekòl la, pa sèlman non lekòl ki parèt sou listing la.

16. Tcheke taks sou pwopriyete a

Property tax ka monte apre acha a, sitou si kay la te evalye ba avan. Mande ki taks aktyèl la epi chèche konnen kijan zòn nan evalye taks.

17. Verifye HOA si gen youn

HOA ka gen frè chak mwa, règ sou koulè kay, pakin, bèt, lokasyon, ak reparasyon deyò. Li règleman yo avan ou dakò.

18. Tcheke si gen special assessment

Nan condo oswa kominote HOA, ka gen gwo frè espesyal pou reparasyon do kay, wout, pisin, oswa lòt pwojè. Mande dokiman finans HOA a.

19. Fè home inspection

Pa sote inspection pou fè òf ou parèt pi fò si ou pa konprann risk la. Inspection ka montre pwoblèm ki koute chè.

20. Li rapò inspection lan nèt

Pa sèlman gade rezime a. Li tout rapò a, gade foto yo, epi mande enspektè a eksplike sa ki grav, sa ki mwayen, ak sa ki senp.

21. Verifye do kay la

Do kay se youn nan reparasyon ki pi chè. Mande laj do kay la, kondisyon li, ak si gen siy koule dlo.

22. Tcheke fondasyon kay la

Krak grav, pòt ki pa fèmen byen, planche ki pa nivo, oswa dlo nan basement ka montre pwoblèm fondasyon. Sa mande anpil prekosyon.

23. Gade sistèm elektrik la

Old wiring, panel ki twò piti, breaker ki pa make, oswa priz ki pa mache ka vin danjere epi chè pou repare.

24. Verifye plonbri a

Tcheke presyon dlo, koule anba lavabo, kondisyon water heater, kalite tiyo, ak siy imidite. Dlo ka detwi yon kay rapid.

25. Tcheke sistèm HVAC la

Chofaj ak air conditioning koute chè pou ranplase. Mande laj sistèm nan, dènye sèvis li, ak si li chofe oswa refwadi byen.

26. Gade fenèt ak pòt yo

Fenèt ki fin vye granmoun ka fè bòdwo enèji monte. Pòt ki pa fèmen byen ka montre pwoblèm sekirite oswa mouvman estrikti.

27. Chèche siy mwazi

Mwazi ka soti nan imidite, koule dlo, oswa vantilasyon ki pa bon. Li ka afekte sante fanmi w epi li ka chèche pou retire.

28. Verifye basement oswa crawl space

Zòn sa yo ka montre verite sou kay la: dlo, ensèk, fondasyon, imidite, ak kalite travay ki fèt anba kay la.

29. Tcheke attic la

Attic ka montre si do kay la koule, si izolasyon an bon, si gen bèt, oswa si vantilasyon an pa anfòm.

30. Mande sou termite ak lòt ensèk

Termite ka manje bwa kay la an silans. Nan kèk zòn, termite inspection se yon etap enpòtan.

31. Tcheke drenaj lakou a

Dlo dwe koule lwen kay la, pa antre bò fondasyon an. Gade pant tè a, goutyè, downspout, ak zòn ki rete mouye.

32. Verifye kondisyon goutyè yo

Goutyè ki bouche oswa kase ka fè dlo antre nan miray, basement, oswa fondasyon. Sa sanble piti, men konsekans lan ka gwo.

33. Tcheke aparèy ki rete nan kay la

Mande ki aparèy ki enkli: fridge, stove, dishwasher, washer, dryer. Verifye laj yo ak si yo mache.

34. Mande seller disclosure

Seller disclosure montre sa vandè a konnen sou pwoblèm kay la. Li dokiman an byen, epi poze kesyon sou nenpòt bagay ki pa klè.

35. Verifye permit pou gwo travay

Si kay la gen extension, basement fini, nouvo deck, oswa gwo renovasyon, mande si travay la te fèt ak permit. Travay san permit ka bay pwoblèm pita.

36. Tcheke title kay la

Title search ede verifye si gen lien, reklamasyon, oswa pwoblèm legal sou kay la. Title insurance pwoteje w kont kèk risk apre closing.

37. Konnen limit tè a

Pa sipoze kloti a montre limit legal tè a. Si gen dout, mande survey. Sa enpòtan pou kloti, driveway, deck, oswa pwojè lavni.

38. Verifye si kay la nan flood zone

Flood insurance ka obligatwa epi li ka chè. Menm si li pa obligatwa, konnen risk inondasyon zòn nan avan ou achte.

39. Tcheke asirans kay la avan closing

Pa tann dènye minit pou jwenn homeowners insurance. Pri asirans lan ka chanje bidjè ou, sitou nan zòn ki gen risk tanpèt, dife, oswa inondasyon.

40. Mande sou utility bills

Mande vandè a oswa agent lan pou estimasyon bòdwo limyè, gaz, dlo, ak fatra. Gwo kay oswa move izolasyon ka fè bòdwo yo wo.

41. Tcheke laj water heater la

Water heater pa dire pou tout tan. Si li fin vye granmoun, prepare lajan pou ranplasman.

42. Verifye kondisyon driveway ak pakin

Gade si gen ase pakin pou fanmi w, si driveway a fann, si gen règ vil oswa HOA sou pakin nan lari.

43. Tcheke bri ak anviwònman

Koute bri tren, ayewopò, highway, faktori, chen vwazen, oswa biznis ki toupre. Bri ka afekte lapè w chak jou.

44. Gade plan devlopman nan zòn nan

Yon teren vid toupre kay la ka vin magazen, apatman, wout, oswa lòt pwojè. Tcheke ak vil la si sa enpòtan pou ou.

45. Pa kite emosyon pran kontwòl

Lè ou renmen yon kay, ou ka inyore siy avètisman. Rete kalm. Kay la dwe bon pou kè w, men li dwe bon pou bidjè w tou.

46. Negosye reparasyon oswa kredi

Si inspection montre pwoblèm, ou ka mande vandè a repare, bese pri, oswa bay kredi. Pa pè negosye avèk respè.

47. Konprann contingency yo

Inspection contingency, financing contingency, appraisal contingency, ak lòt pwoteksyon ede w soti nan kontra a si gwo pwoblèm parèt. Pa retire yo san konprann risk la.

48. Li closing disclosure la

Closing disclosure montre peman, frè, interest rate, ak lajan ou bezwen pote. Konpare li ak estimasyon lender la epi poze kesyon sou diferans yo.

49. Fè final walkthrough

Anvan closing, tcheke kay la ankò. Asire reparasyon yo fèt, aparèy ki dwe rete yo la, dlo ak limyè mache, epi kay la pa domaje apre inspection.

50. Kenbe lajan ijans apre ou achte

Premye ane a ka pote sipriz: reparasyon, mèb, zouti, bòdwo, oswa ijans. Pa antre nan kay la san okenn lajan rezèv.

Lis aksyon rapid

- Kalkile peman reyèl ou, pa sèlman pri kay la.
- Konpare plizyè lender avan ou chwazi prè a.
- Pa sote home inspection san konprann risk la.
- Verifye do kay, fondasyon, elektrik, plonbri, ak HVAC.
- Li HOA rules si kay la nan kominote HOA.
- Tcheke taks, asirans, flood zone, ak utility bills.
- Mande seller disclosure ak permit pou gwo renovasyon.
- Konprann contingency yo avan ou siyen.
- Fè final walkthrough avan closing.
- Kenbe lajan ijans apre ou fin achte kay la.

Konklizyon

Achte kay Ozetazini se pa sèlman jwenn yon bèl kay. Se konprann tout responsablite ki vini ak li. Lè ou verifye detay yo, ou pwoteje lajan w, fanmi w, lapè w, ak avni w. Pi bon achtè a se pa moun ki prese; se moun ki poze kesyon, li dokiman, mande konsèy, epi pran desizyon ak bon konprann.



JEROME
CONSULTING GROUP
Your Partner in Growth and Innovation.



Mèsi !

Swiv nou e Pataje pou plis gid konsa

Ede Yon Lòt Avan Li Twò Ta!

Rete Konekte Avèm



937-346-6934 (WhatsApp)



www.MiguelitoJerome.com



info@miguelitojerome.com



VIN YON PATNÈ!

SIPÒTE DEFI

1000

VIDEYO



Ozetazini.com 

Ansanm n ap enfòme, ede epi
chanje lavi plizyè milyon moun!



FÈ YON DIFERANS

Sipò w ede nou kontinye
pwodui kontni gratis,
egzak, edikatif.



ABÒNE, PATAJE, KOMANTE

Ede plis moun jwenn
enfòmasyon yo bezwen.



EDE NOU GRANDI

Plis sipò = plis videyo
= plis chanjman lavi!



VIN YON VIP MEMBER ★

CHWAZI PLAN VIP OU JODI A!

VIP BRONZE



\$4.99 / MOIS

- ✓ Sipòte misyon an
- ✓ Aksè a konten eksklizif

VIP SILVER



\$9.99 / MOIS

- ✓ Tout avantaj Bronze
- ✓ Download gid ak dokiman
- ✓ Kesyon & Repons VIP

VIP GOLD



\$19.99 / MOIS

- ✓ Tout avantaj Silver
- ✓ Live VIP prive
- ✓ Konsiltasyon gwoup VIP
- ✓ Priorite sou tout kesyon ou yo



ABÒNE KOUNYA!

Pa rate okenn
nouvo videyo!



PEZE TI KLOCH LA!

Aktive notifikasyon
pou rete ajou!



PATAJE VIDEYO YO!

Pataje pou plis moun
benefisye!

**ESKANE
QR CODE LA**

E VIN YON PATNÈ MISION AN JODI A!